



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN DIMANCH FYÈTE, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE APLIKASYON POU LWA SOU RESTORASYON LONÈ KOUNYE A OUVRI POU EDE ANSYEN KONBATAN YO KE YO REFIZE LIBERASYON ONORAB AKÒZ ORYANTASYON SEKSYÈL OSWA IDANTITE SEKSYÈL

Moniman Eta New York yo te klere pandan wikenn lan nan koulè drapo fyète LGTQ yo - Gade foto yo [isit la](#)

Gouvènè a anonse tou aksyon DFS pou pwoteje Nouyòkè LGBTQ yo kont prejije nan zafè swen sante

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke ansyen konbatan New York yo ke yo te refize liberasyon onorab poutèt idantite LGBTQ yo ka kòmanse soumèt aplikasyon nan kad Lwa sou Restorasyon Lonè (Restoration of Honor Act). Sa pral pèmèt ansyen konbatan ki te jwenn refi yon liberasyon onorab akòz oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl yo pou gen avantaj ansyen konbatan Eta New York yo ki restore.

Gouvènè a te anonse tou jodi a yon aksyon Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) Eta New York la pou pwoteje plis Nouyòkè LGBTQ yo kont diskriminasyon nan zafè swen sante piske gouvènman federal la kokntinye retire oswa afebli pwoteksyon sa yo.

"Pandan n ap gade dèyè nan Mwa Fyète ane sa a ak selebre 50yèm anivèsè premye mach Fyète nan Vil New York, nou dwe re-afime angajman nou pou mouvman dwa LGBTQ yo epi kanpe ansanm tankou youn avèk kominote LGBTQ a ak ansyen konbatan nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Restore avantaj eta a bay ansyen konbatan LGBTQ yo ke yo te refize liberasyon onorab sèlman poutèt kiyès yo ye se bon bagay ki dwe fèt la epi se yon fason apwopriye pou montre apresyasyon nou pou sèvis yo bay peyi sa a. New York kontinye montre chemen sou egalite ak jistis epi pandan kominote yo nan nasyon sa a ap rasanble pou refòm ki ijan, nou dwe kontinye bati sou pwogrè nou ki gen ladan anile lwa diskriminatwa 'walking while trans' ki san mank blese moun koulè trans-seksyèl yo."

Pandan wikenn sa a, nan selebrasyon Fyète nan New York la ak 50yèm anivèsè premye mach Fyète nan Vil New York la, moniman yo nan eta a [limen](#) nan Lonè Mwa Fyète ak kominote LGBTQ a. Sa yo enkli One World Trade Center, Pershing Square Viaduct, Pon Kosciuszko, Pon Gouvènè Mario M. Cuomo, Pon Mid-Hudson, Sant

Olenmpik Whiteface Lake Placid, Batiman Administrasyon Santral SUNY, Batiman Edikasyon Eta a, Batiman Alfred E. Smith, Niagara Falls ak Pòtay Prensipal Fwar Eta a ak Sant Ekspozisyon an.

Aplikasyon yo Ouvri pou Lwa sou Restorasyon Lonè a

Aplikasyon kontinyèl yo [ouvri](#) pou ansyen konbatan yo ke yo te refize yon liberasyon onorab akòz oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl yo pou gen avantaj ansyen konbatan Eta New York yo ki restore. Siyen pa Gouvènè a novanm pase a, Lwa sou Restorasyon Lonè a restore kalifikasyon avantaj pou ansyen konbatan yo ki te resevwa mwens pase liberasyon onorab yo akòz twomatis seksyèl militè, lezyon serebral twomatik oswa twoub estrès apre twomatis ansanm ak lòt règleman esklizyon tankou "Don't Ask, Don't Tell". Liberasyon sa yo afekte lavi ansyen konbatan yo lè yo retounen lakay epi souvan rann li difisil oswa enposib pou gen aksè ak anpil avantaj ansyen konbatan yo. Lwa sou Restorasyon Lonè a fè New York se premye eta nan peyi a ki retabli avantaj ansyen konbatan yo ki te resevwa mwens pase liberasyon onorab yo swa akòz tomatis sa yo oswa akòz idantite LGBTQ yo.

Direktiv ki dekri responsablite asirè yo nan kad lwa ki entèdi diskriminasyon sou baz oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl oswa estati trans-seksyèl

[Direktiv DFS te pibliye](#) bay asirè yo atravè lèt sikilè ki dekri responsablite yo selon règleman Eta New York ki gen rapò ak pwoteksyon ki pa fè diskriminasyon sou baz oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl oswa estati trans-seksyèl ak swen prevantif ak depistaj. Nan [lèt sikilè](#) ki te pibliye jodi a, DFS te raple asirè yo ke lwa ak règleman Eta New York la kontinye entèdi asirè yo fè diskriminasyon kont moun sou baz oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl oswa estati trans-seksyèl. DFS pral siveye respè kondisyon non-diskriminatwa sa yo, epitou pandan egzamen sou konduit mache a. Anplis de sa, Depatman an pral pran aksyon kont yon emetè pou tout mankman nan konfòmite ak entèdiksyon legal ak règlemantè yo kont diskriminasyon.

Anplis, DFS te pibliye yon [gid ki ajou](#) pou ede Nouyòkè trans-seksyèl yo konprann dwa asirans sante yo pou swen ki afime sèks.

Pandan tout manda li a, Gouvènè Cuomo te yon lidè nasyonal nan defann dwa LGBTQ yo epi li te batay kont atak gouvènman federal la kontinye fè yo kont kominote LGBTQ a, ki enkli [entèdiksyon sòlda transeksyèl nan militè yo](#) ak [retire pwoteksyon swen sante yo](#) pou moun LGBTQ yo. Nan kòmansman ane a, Gouvènè Cuomo te siyen dokiman sou matènite sibstitisyon ki pa jenetik legalize a pou vin lwa nan eta a, sa ki ap ede koup LGBTQ yo ak koup ki enfètil yo elve pwòp fanmi yo. Ane pase, Gouvènè Cuomo te siyen Lwa sou Non-Diskriminasyon Ekspresyon Seksyèl, lejislasyon an entèdi pratik deplorab terapi konvèsyon ak [entèdiksyon defans kont panik omoseksyèl ak trans-seksyèl](#). Mwa sa, nou selebre nevyèm anivèsè depi Gouvènè Cuomo te siyen Lwa sou

Egalite Maryaj lè New York te tounen premye gwo eta nan peyi a ki adopte egalite maryaj.

Lwa 'Walking While Trans'

Nan gala Greater New York kanpay sou dwa moun nan mwa fevriye a, Gouvènè Cuomo te anonse sipò li pou anile Seksyon 240.37 Lwa Penal New York la, ke yo konnen tou tankou lwa "Walking While Trans", pou moun pa kontinye se yon sib pou sa yo oswa sa yo sanble. Nan kad lwa ki demode, twò laj ak diskriminatwa sa a, fanm trans-seksyèl yo, espesyalman fanm trans-seksyèl koulè, te soumèt ak kontwòl dispwopòsyone pou konduit inosan ak legal, tankou kanpe sou twotwa oswa reyalize okipasyon chak jou yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)